(132)

# PENGUNGKAPAN ISI DAN LATAR BELAKANG

# SERAT WULANG REH

## CIPTAAN SUSUHUNAN PAKU BUWONO IV

irektorat
udayaan
2

DEPARTEMEN PENDIDIKAN DAN KEBUDAYAAN
DIREKTORAT JENDERAL KEBUDAYAAN
DIREKTORAT SEJARAH DAN NILAI TRADISIONAL
PROYEK PENELITIAN DAN PENGKAJIAN KEBUDAYAAN NUSANTARA
TAHUN 1987/1988

899.2232 SUR p

Milik Depdikbud
Tidak diperdagangkan

# PENGUNGKAPAN ISI DAN LATAR BELAKANG

# SERAT WULANG REH

## CIPTAAN SUSUHUNAN PAKU BUWONO IV

**Penulis**

**Suradi HP**

**Editor**

**Drs. A. Yunus**

**DEPARTEMEN PENDIDIKAN DAN KEBUDAYAAN**
**DIREKTORAT JENDERAL KEBUDAYAAN**
**DIREKTORAT SEJARAH DAN NILAI TRADISIONAL**
**PROYEK PENELITIAN DAN PENGKAJIAN KEBUDAYAAN NUSANTARA**
**TAHUN 1987/1988**

## KATA PENGANTAR

Serat Wulang Reh ini adalah hasil penelitian dari Drs. Suradi HP, yang dibiayai oleh Proyek Penelitian dan Pengkajian Kebudayaan Nusantara Jakarta pada Tahun Anggaran 1986/1987. Serat Wulang Reh adalah salah satu hasil karya sastra kuno yang ditulis pada abad ke 18 oleh susuhunan Pakubuwono IV (1788 – 1820) yang dijalin dengan 13 bentuk *pupuh* yaitu, pupuh Dhangdanggula, Khinanti, Gambuh, Pangkur, Maskumambang, Megatruh, Durma, Wirangrong, Pucung, Mijil Asmaradana, Sinom, Girisa.

Pada jamannya, naskah ini dipakai sebagai pedoman hidup bagi anak-anak muda di Jawa Tengah, Jogyakarta, bahkan sampai di Jawa Barat. Karena naskah ini berisi ajaran-ajaran tentang tingkah laku yang baik, sikap yang baik, sikap terhadap raja, sikap terhadap bawahan, sikap terhadap saudara, hubungan dengan Tuhan dan sebagainya. Apabila semua ajaran tersebut mampu dipahami dan mampu melaksanakannya, niscaya akan menemukan kesempurnaan hidup baik hidup di dunia maupun di akhirat nanti. Hidup yang sempurna dalam konsep orang Jawa adalah apabila sudah *manunggale kawula lan Gusti* (bila

bersatu dengan Tuhan). Untuk mencapai ini, manusia perlu bersih lahir batin, melaksanakan segala perintah dan larangan-NYA, jangan masih ada nafsu *aluamah*, nafsu amarah. Dalam buku ini, penulis telah mengklasifikasikan isi Serat Wulang Reh ini menjadi 27 kelompok ajaran.

Kami menyadari bahwa buku ini masih perlu disempurnakan karena memang keterbatasan pengelolaan dan keterbatasan tenaga peneliti yang dapat mengkaji lebih lengkap dan sempurna. Oleh karena itu, semua saran maupun perbaikan yang disampaikan akan diterima dengan senang hati. Walaupun demikian, kami tetap berharap semoga sumbangan pikiran ini dapat menggelitik minat budayawan lain untuk melaksanakan perbaikan mengenai hal-hal yang masih perlu disempurnakan.

Atas hasil jerih payah yang sangat berharga ini, Pemimpin Proyek Penelitian dan Pengkajian Kebudayaan Nusantara mengucapkan terima kasih yang sebesar-besarnya kepada saudara Drs. A. Yunus sebagai editor, dan begitu pula, kami tidak lupa mengucapkan terima kasih kepada semua pihak yang telah membantu terwujudnya buku ini.

Jakarta, September 1987

Pemimpin Proyek Penelitian dan
Pengkajian Kebudayaan Nusantara

**Drs. I.G.N. Arinton**
NIP. 030104524

## DAFTAR ISI

Halaman


KATA PENGANTAR ..... i

DAFTAR ISI ..... iii

BAB I PENDAHULUAN ..... 1

BAB II TRANSLITERASI ..... 6

A. Dhandhanggula ..... 6

B. Kinanthi ..... 8

C. Gambuh ..... 11

D. Pangkur ..... 14

E. Maskumambang ..... 18

F. Megatruh ..... 22

G. Durmo ..... 24

H. Wirangrong ..... 27

I. Pucung ..... 32

J. Mijil ..... 35

K. Asmaradana ..... 39

L. Sinom ..... 45

M. Giriso ..... 54

BAB III TERJEMAHAN ..... 61
A. Dhandhanggula ..... 61
B. Kinanthi ..... 63
C. Gambuh ..... 66
D. Pangkur ..... 67
E. Maskumambang ..... 72
F. Megatruh ..... 77
G. Durmo ..... 79
H. Wirangrong ..... 82
I. Pucung ..... 87
J. Mijil ..... 90
K. Asmaradana ..... 94
L. Sinom ..... 100
M. Giriso ..... 109

BAB IV PENGUNGKAPAN LATAR BELAKANG DAN ISI ..... 115
A. Latar belakang penulisan ..... 115
B. Ringkasan isi ..... 118
C. Analisa isi ..... 127

DAFTAR PUSTAKA ..... 134

# BAB I
# PENDAHULUAN

Dalam rangka pembinaan dan pengembangan kebudayaan nasional sesuai dengan nilai-nilai yang tersimpul dalam Pancasila dan gagasan yang tercermin dalam Undang-Undang Dasar 1945, ada dua hal pokok yang menjadi masalah. Yang pertama pembinaan dan pengembangan kebudayaan nasional itu harus berakar pada kebudayaan daerah, dan yang kedua dihadapkan kepada masalah pembangunan yaitu proses pembaharuan di segala bidang kehidupan sosial budaya yang banyak mengimport teknologi dan pengetahuan dari luar.

Kedua masalah itu perlu penanganan secara mantap dan terpadu sungguhpun disadari bahwa kebudayaan sebagai perwujudan upaya masyarakat pendukungnya dalam menanggapi lingkungan dalam arti luas serta tantangan sejarah. Hal itu berarti bahwa pengembangan kebudayaan tidak mungkin hanya dilakukan dengan perintah dan pengarahan, melainkan harus pula memberi rangsangan anggota masyarakat untuk lebih aktif menanggapi lingkungan dan tantangan sejarah. Rangsangan dan pengarahan yang dapat diberikan oleh pemerintah ialah men-

ciptakan situasi dan kondisi yang memungkinkan anggota masyarakat mengembangkan kreativitas inovative mereka sesuai dengan nilai-nilai yang tersimpul dalam Pancasila dan Undang-Undang Dasar 1945. Di samping itu memberikan sebanyak mungkin pilihan nilai-nilai budaya bangsa yang berasal dari kebudayaan daerah agar dalam menanggapi perkembangan lingkungan dan tantangan sejarah, mereka tidak kehilangan pegangan, serta mengambil alih begitu saja nilai-nilai dan gagasan dari luar yang belum tentu sesuai dengan nilai-nilai budaya bangsa.

Untuk memenuhi keperluan itu diperlukan data dan informasi kebudayaan daerah sebanyak mungkin. Data dan informasi kebudayaan tersebut setelah diseleksi disebarkan ke masyarakat sebagai *alternatif* atau *pilihan* dalam menyusun kerangka acuan kebudayaan nasional. Jika kebudayaan nasional itu diibaratkan karangan bunga, dan kebudayaan daerah diibaratkan jenis-jenis bunga, maka karangan bunga itu terdiri dari beraneka ragam bunga-bunga yang tumbuh di seluruh Nusantara. Karangan bunga itu akan indah dan dapat diterima oleh seluruh bangsa Indonesia. Itulah kebudayaan nasional yang kita idam-idamkan.

Data dan informasi kebudayaan daerah yang dimaksud di atas antara lain *dapat digali dari naskah kuno*, yaitu naskah tulisan tangan yang dibuat oleh nenek moyang kita pada waktu belum banyak percetakan buku seperti sekarang, yaitu sekitar tahun 1920 ke belakang. Naskah-naskah tersebut pada zamannya dipakai sebagai pegangan para pendukungnya dalam melaksanakan kehidupan sosial budaya mereka. Maka isi naskah kuno tentu bermacam-macam, ada yang berisi tentang tata cara (upacara), obat-obatan, bercocok tanam, membuat rumah (arsitektur), dongeng, babad, peraturan pemerintahan, hukum, sopan santun, dan juga masalah hubungan manusia dengan Tuhannya (sistem religi). Naskah-naskah tersebut semuanya ditulis tangan dengan huruf dan bahasa daerah, kadang-kadang ada yang ditulis dengan huruf Arab atau huruf Latin.

Sejak 30 tahun terakhir ini huruf-huruf serta bahasa daerah tidak lagi dipelajari secara sungguh-sungguh dalam pendidikan formal di Indonesia, oleh karena itu anak-anak dan orang-orang muda jaman sekarang jarang yang dapat membaca huruf daerahnya masing-masing. Kesulitan membaca huruf daerah, ditambah lagi dengan semakin derasnya kebudayaan asing masuk karena kemudahan komunikasi serta kemajuan teknologi dengan pesat menyebabkan naskah-naskah tulisan tangan yang telah dikemukakan di atas tinggal menjadi barang simpanan di rak buku yang tidak pernah dibaca maupun dirawat secara sungguh-sungguh.

Dalam rangka mencari data dan informasi kebudayaan daerah yang akan menjadi akar dari kebudayaan nasional seperti yang telah ditetapkan dalam UUD 1945 dan GBHN, maka dari itu naskah-naskah kuno tersebut harus diselamatkan dengan cara mengungkapkan isi dan latar belakangnya ke dalam bahasa Indonesia, kemudian setelah diseleksi relevansinya disebarluaskan ke masyarakat agar dapat dipakai sebagai bahan pengembangan kebudayaan nasional oleh kreativitas masyarakat sendiri.

Pada buku ini akan diungkapkan isi dan latar belakang suatu naskah kuno yang dibuat pada abad ke 18 oleh Susuhunan Pakubuwono IV (1788–1820) yang berjudul "Serat Wulang Reh" (pelajaran tingkah laku).

Serat Wulang Reh dipandang perlu untuk diungkapkan isinya agar diketahui oleh masyarakat luas, dengan pertimbangan sebagai berikut:

Pertama: Serat Wulang Reh berisi pelajaran kepada orang muda tentang tingkah laku yang baik, sikap yang baik, sikap terhadap raja, sikap terhadap bawahan, sikap terhadap saudara, hubungan dengan Tuhan, dan sebagainya, agar menjadi manusia yang baik lahir batin.

Kedua: Serat Wulang Reh pada zaman dulu benar-benar dianut oleh para pendukungnya. Pada zamannya naskah ini dipakai sebagai pedoman hidup bagi anak-anak muda di Jawa

Tengah, Yogyakarta, bahkan sampai di Jawa Barat (di Pasundan ditemukan pula Serat Wulang Reh yang ditulis dalam huruf Arab Gundul).

Ketiga: Serat Wulang Reh yang berhuruf Jawa dan berbahasa Jawa, memang sudah beberapa kali dikutip dalam majalah, tetapi tidak selengkapnya. Ada pula yang telah menerbitkan secara utuh, tetapi tidak diterjemahkan ke dalam bahasa Indonesia sehingga jangkauannya hanya terbatas pada daerah. Orang daerahpun sangat sedikit yang memiliki naskah ini karena penerbitannya masih menggunakan huruf daerah.

Isi Buku Pengungkapan Isi Serat Wulang Reh ini terbagi menjadi empat bab.

Bab I tentang latar belakang, maksud dan tujuan pengungkapan, pemilihan naskah serta penjelasan tiap-tiap bab, yang semuanya terangkum dalam pendahuluan.

Transliterasi (alih huruf) dari huruf asli naskah (huruf Jawa) ke huruf Latin tercantum dalam bab II. Dalam transliterasi ini telah diusahakan sesuai dengan bunyi naskah aslinya. Naskah asli Serat Wulang Reh kami dapat dari Bp. Prodjodiredjo Yogyakarta, salinan tulisan tangan sekitar tahun 1925.

Bab III merupakan terjemahan Serat Wulang Reh ke dalam bahasa Indonesia. Dalam peterjemahan ini telah diusahakan baris demi baris, agar mudah diperbandingkan dengan aslinya. Akan tetapi penterjemahan kata demi kata tidak mungkin, karena struktur kalimat bahasa Jawa (apalagi berbentuk tembang) tidak seiiring dengan struktur bahasa Indonesia.

Jika diterjemahkan sesuai dengan urutan tiap-tiap kata dalam tiap baris, maka sering terjadi terjemahan itu hanya merupakan urutan kata-kata yang tidak mempunyai arti. Dalam hal seperti ini penterjemahan setiap barisnya diusahakan arti yang dimaksud atau maknanya baris tersebut.

Bab IV merupakan bagian terakhir yang berupa analisa isi dan latar belakang Serat Wulang Reh. Dalam analisa ini di-

usahakan memberi komentar setiap pernyataan atau ajaran dalam naskah tersebut, sesuai atau tidak terhadap nilai-nilai dan gagasan seperti yang tercermin dalam Pancasila dan UUD 1945.

Dalam menganalisa isi, pertama-tama dilakukan ringkasan isi secara menyeluruh, sebab di dalam Serat Wulang Reh, pengutaraan tiap hal sering diulang-ulang dan dicampur aduk. Hal ini mungkin karena penulis naskah mengejar persyaratan penulisan puisi (tembang) Jawa yang sangat terikat kepada: (a) jumlah baris setiap bait (jumlah gatra setiap pada), (b) jumlah suku kata setiap baris (guru wilangan), dan (c) suara akhir setiap baris (guru lagu). Kiranya hal ini pula yang menyebabkan puisi atau tembang Jawa sukar diterjemahkan kata demi kata sesuai dengan urutannya.

Yang terakhir sekali analisa berdasarkan ringkasan isi tersebut. Pengungkapan isi atau analisa isi naskah ini terutama diperuntukkan bagi mereka yang tidak dapat bahasa Jawa. Sedang bagi yang menguasai bahasa Jawa dengan baik, kami kira di samping membaca analisa, perlu sekali langsung membaca teks aslinya yang masih berbahasa daerah.

Jika di dalam menterjemahkan maupun menganalisa, barang kali ada hal yang kurang tepat, kami mohon saran dari para pembaca.

## BAB II
## TRANSLITERASI/ALIH AKSARA
## "SERAT WULANG REH"

### A. Dhandhanggula

1. Pamedhare wasitaning ati,
cumantaka aniru pujangga,
dahat mudha ing batine,
nanging kedah ginunggung,
tan wruh lamun akeh ngesemi,
ameksa angrumpaka,
basa kang kalantur,
tutur kang katula-tula,
tinalaten rinuruh kalwan ririh,
mrih padhanging sasmita.

2. Sasmitaning ngaurip puniki,
mapan ewuh yen nora weruha,
tan jumeneng ing uripe,
akeh kang ngaku-aku,
pangrasane sampun udani,
tur durung wruh ing rasa,

rasa kang satuhu,
rasaning rasa punika,
upayanen darapon sampurna ugi,
ing kauripanira.

3. Jroning Kur-an nggoning rasa yekti,
nanging ta pilih ingkang uninga,
kajaba lawan tuduhe,
nora kena den awur,
ing satemah nora pinanggih,
mundhak katalanjukan,
temah sasar susur,
yen sira ayun waskitha,
sampurnane ing badanira puniki,
sira angguguruwa.

4. Namging yen sira ngguguru kaki,
amiliha manungsa kang nyata,
ingkang becik martabate,
sarta kang wruh ing kukum,
kang ngibadah lan kang wirangi,
sukur oleh wong tapa,
ingkang wus amungkul,
tan mikir pawewehing ljan,
iku pantes sira guronana kaki,
sartane kawruhana.

5. Lamun ana wong micareng ngelmi,
tan mupakat ing patang prakara,
aja sira age-age,
anganggep nyatanipun,
saringana dipun baresih,
limbangen lan kang patang - prakara karuhun,
dalil kadis lan ijemak,
lan kiyase papat iku salah siji,
anaha kang mupakat.

6. Ana ua kena den antepi,
yen ucul saking patang prakara,
nora enak legetane,
tan wurung tinggal wektu,
panganggepe wus angengkoki,
aja kudu sembah-hyang,
wus salat katengsun,
banjure mbuwang sarengat,
batal karam nora nganggo den rawati,
bubrah sakehing tata.

7. Angel temen ing jaman samangkin,
ingkang pantes kena ginuronan,
akeh wong jaja ngelmune,
lan arang ingkang manut,
yen wong ngelmu ingkang netepi,
ing panggawening sarak,
den arani luput,
nanging ta asesenengan,
nora kena den wor kakarepaneki,
papancene priyangga.

8. Ingkang lumrah ing mangsa puniki,
mapan ki guru kang golek sabat,
tuhu kuwalik karepe,
kang wis lumrah karuhun,
jaman kuna mapan ki murid,
ingkang padha ngupaya,
kudu angguguru,
ing mengko iki ta nora,
kyai guru naruthuk ngupaya murid,
dadiya kanthinira.

**B. Kinanthi**

1. Pada gulangen ing kalbu,
ing sasmita amrih lantip,

aja pijer mangan nendra,
ing kaprawiran den kesti,
pesunen sariranira,
sudanen dhahar lan guling.

2. Dadiya lakunireku,
cegah dhahar lawan guling,
lan aja asukan-sukan,
anganggowa sawatawis,
ala wateke wong suka,
nyuda prayitna ing batin.

3. Yen wis tinitah wong agung,
aja sira nggunggung diri,
aja leket lan wong ala,
kang ala lakunireki,
nora wurung ngajak-ajak,
satemah anunulari.

4. Nadyah asor wijilipun,
yen kalakuwane becik,
utawa sugih carita,
carita kang dadi misil,
iku pantes raketana,
darapon mundhak kang budi.

5. Yen wong anom pan wus tamtu,
manut marang kang ngadepi,
yen kang ngadhep akeh bangsat,
datan wurung bisa juti,
yen kang ngadhep keh durjana,
nora wurung bisa maling.

6. Sanajan tan nora milu,
pasthi wruh solahing maling,
kaya mangkono sabarang,
panggawe ala puniki,
sok waruha nuli bisa,
yeku panuntuning iblis.

7. Panggawe becik puniku,
gampang yen wus den lakoni,
angel yen durung kalakyan,
aras-arasen nglakoni,
tur iku den lakonana,
mupangati badaneki.

8. Lan wong anom-anom iku,
kang kanggo ing mangsa iki,
andap asor dipun simpar,
umbag gumunggung ing dhiri,
obrol umuk kang den gulang,
kumenthus lawan kumaki.

9. Siapa sira sapa ingsun,
angalunyat sarta edir,
iku lalabete uga,
nom-noman adoh wong becik,
emoh angrungu carita,
carita ala lan becik.

10. Carita pan wus kalaku,
panggawe ala lan becuk,
tindak bener lan kang ora,
kalebu jro cariteki,
mulane aran carita,
kabeh-kabeh den kawruhi.

11. Mulane wong anom iku,
becik ingkang ataberi,
jajagongan lan wong tuwa,
ingkang sugih kojah ugi,
kojah iku warna-warna,
ana ala ana becik.

12. Ingkang becik kojahipun,
sira anggowa kang pasti,
ingkang ala singgahana,
aja sira anglakoni,

lan den awas wong akojah,
iya ing mangsa puniki.

13. Akeh wong kang sugih wuwus,
nanging den sampar pakolih,
amung badane priyangga,
kang den pakolehken ugi,
panastene kang den umbar,
tan anganggo sawatawis.

14. Aja na wong bisa tutur,
ngemungna ingsun pribadi,
aja na kang amemada,
angrasa pinter pribadi,
iku setan nunjang-nunjang,
tan pantes dipun pareki.

15. Sikakna den jaya asu,
yen wong kang mangkono ugi,
dahwen open nora layak,
yen sira sandingan linggih,
nora warung katularan,
becik singkirana ugi.

16. Poma-poma wekas ingsun,
mring kang maca layang iki,
lahir batin den estokna,
saunine layang iki,
lan den bekti mring wong tuwa,
ing lahir prapta ing batin.

## C. Gambuh

1. Sekar gambuh ping catur,
kang cinatur polah kang kalantur,
tanpa tutur katula-tula katali,
kadalu warsa katutuh,
kapatuh pan dadai awon.

2. Aja nganti kabanjur,
sabarang polah kang nora jujur,
yen kabanjur sayekti kojur tan becik,
becik ngupayaha iku,
pitutur ingkang sayektos.

3. Pitutur bener iku,
sayektine apantes tiniru,
nadyan metu saking wong sudra papeki,
lamun becik nggone muruk,
iku pantes sira anggo.

4. Ana pocapanipun,
adiguna adigang adigung,
pan adigang: kidang adigung pan esthi,
adiguna: ula iku,
telu pisan mati sampyuh.

5. Si kidang umbagipun,
angandelken kebat lumpatipun,
pan si gajah ngandelaken geng ainggil,
ula ngandelaken iku,
mandine kalamun nyakot.

6. Iku umpamanipun,
aja ngandelaken sira iku,
suteng nata ija sape ingkang wani,
iku ambege wong digung,
ing wusana dadi asor.

7. Adiguna puniku,
ngandelaken kapinteranipun,
samubarang kabisan dipun dheweki,
sapa pinter kaya ingsun,
teging prana nora enjoh.

8. Ambeg adigang iku,
ngandelaken ing kasuranipun,
para tantang candhala anyanyampahi,

tinemenan nora pecus,
satemah dadi guguyon.

9. Ing wong urip puniku,
aja nganggo ambeg kang tetelu,
anganggowa rereh ririh ngati-ati,
den kawangwang barang laku,
den waskitha solahing wong.

10. Dene katelu iku,
si kidang suka ing patinipun,
pan si gajah alena patinireki,
si ula ing patinipun,
ngandelken upase mandos.

11. Katelu nora patut,
yen tiniru mapan dafi luput,
titikane wong anom kurang wawadi,
bungah akeh wong kang nggunggung,
wekasane kajalomprong.

12. Yen wong anom puniku,
kakehan panggunggung dadi kumprung,
pengung bingung wekasane pan angoling,
yen den gunggung muncu-muncu,
kaya wudun meh macothot.

13. Ing wong kang padha nggunggung,
pan sapele iku pamrihipun,
mung warege wadhuk kalimising lathi,
lan telesing gondhangipun,
ruruba alaning uwong.

14. Amrih pareka iku,
yen wus kanggep nuli gawe umuk,
pan wong akeh sayektine padha wedi,
tan wurung tampa pisungsung,
adol sanggup sakehing wong.

15. Yen wong mangkono iku,

nora pantes cedhak mring wong agung,
nora wurung anuntun panggawe juti,
nanging ana pantesipun,
wong mangkono didhedheplok.

16. Aja kakehan sanggup,
durung weruh tuture agupruk,
tutur nempil panganggepe wruh pribadi,
pangrasane keh wong nggunggung,
kang wus weruh amalengos.

17. Aja nganggo sireku,
kalakuwan kang mangkono iku,
datan wurung tinitenan den cireni,
mring pawong sanak sadulur,
nora nana kang pitados.

## D. Pangkur

1. Kang sekar pangkur winarna,
lalabuhan kang kanggo wong ngaurip,
ala lan becik punika,
proyoga kawruhuna,
adat waton puniku dipun kadulu,
miwah ta ing tata krama,
den kaesthi siyang ratri.

2. Duduga lawan prayoga,
myang watara riringa aywa lali,
iku parabot satuhu,
tan kena tininggala,
tangi lungguh angadeg tuwin lumaku,
angucap meneng anendra,
duga-duga nora kari.

3. Muwah ing sabarang karya,
ing prakara gedhe kalawan cilik,
papat iku datan kantun,

kanggo sadina-dina,
lan ing wengi nagara muwah ing dusun,
kabeh kang padha ambekan,
papat iku nora kari.

4. Kalamun ana manungsa,
anjinggahi dugi lawan prayogi,
iku wateke tan patut,
awor lawan wong katah,
wong diksura ndaludur tan wruh ing ngedur,
aja sira pedhak-pedhak,
nora wurung niniwasi.

5. Mapan wateking manungsa,
pan katemu ing laku lawan linggih,
solah muna muninipun,
pan dadya panengeran,
kang apinter kang bodho miwah kang luhur,
kang asor lan kang malarat,
tanapi manungsa sugih.

6. Ngulama miwah maksiyat,
wong kang kendel tanapi wong kang jirih,
durjana bobotoh kaum,
lanang wadon pan padha,
pantiking manungsa wawatekipun,
apa dene wong kang nyata,
ing pangawruh kang wis pas

7. Nititik ing solah bawa,
muna muni ing laku lawan linggih,
iku panengeran agung,
winawas ginraita,
pramilane ing wong kuna-kuna iku,
yen amawas ing sujanma,
datan amindho gaweni.

8. Ginulang sadina-dina,
wiwekane tuwin basa basuki,

ujub riya kibiripun,
sumungah tan kanggonan,
mung sumendhe ing karsanira Hyang Agung,
ujar sirik kang rineksa,
kautaman ulah wadi.

9. Ing mangsa mengko pan arang,
kang katemu ing basa kang basuki,
ingkang lumrah wong puniku,
drengki drohi lan dora,
iren meren panasten dahwen kumingsun,
opene nora pasaja,
jail muthakil mbesiwit.

10. Alaning liyan den andhar,
ing becike liya dipun simpeni,
beciku dhewe ginunggung,
kinarja pasamuwan,
nora ngrasa alane katon ngendhukur,
wong kang mangkono wateknya,
nora pantes den pedhaki.

11. Iku wong durbala murka,
nora nanamareme ing jro ngati,
sabarang karepanipun,
nadyan wisa katekan,
karepane nora marem saya mbanjur,
luwamah lawan amarah,
iku ingkang den tut wuri.

12. Ing sabarang tingkah polah,
yen angucap tanapi lamun linggih,
sungkan kasosor mbegipun,
pan lumuh kaungkulan,
ing sujanma pangrasane dhewekipun,
pan nora na kang mamadha,
angrasa luhur pribadi.

13. Aja nedya katempelan,

ing wawatek kang tan pantes ing budi,
watek rusuh nora arus,
tunggal lawan manungsa,
dipun sami karya labuhan kang patut,
darapon dadi tuladha,
tinuta ing wuri-wuri.

14. Aja lonyo lemer genjah,
angrong pasanakan nyumur gumuling,
ambuntut arit puniku,
watekan tan raharja,
pan wong lonyo nera kena dipun etut,
monyar-manyir tan antepan,
dene lemeren puniki.

15. Para penginan tegesnya,
genjah iku cecekan barang kardi,
angrong pasanak liripun,
remen ulah miruda,
mring rabine sadulur miwah ing batur,
mring sanak myang pasanakan,
sok senenga den ramuhi.

16. Nyumur gumuling tegesnya,
ambelawah datan duwe wawadi,
nora kena rubung-rubung,
wawadine ndang wutah,
mbuntut arit punika pracekanipun,
abener ing pangarepan,
nanging nggarethel ing wuri.

17. Sabarang kang dipun ucap,
nora wurung amrih oleh pribadi,
iku labuhan tan patut,
aja anedya telad,
mring watekan nenem prakara puniku,
sayogyane ngupayaha,
lir mas tumimbul ing warih.

## E. Maskumambang

1. Nadyan silih bapa biyung kaki nini,
   sadulur myang sanak,
   kalamun muruk tan becik,
   nora pantes yen den nuta.
2. Apan kaya mangkono watekan iki,
   sanadyan wong tuwa,
   yen duwe watek tan becik,
   miwah tindak tan prayoga.
3. Aja sira niru tindak kang tan becik,
   nadyan ta wong liya,
   lamun pamuruke becik, miwa
   miwah tindake prayoga.
4. Iku pantes sira tiruwa ta kaki,
   miwah bapa biyang,
   kang muruk watek kang becik,
   iku kaki estokena.
5. Wong tan manut pitutur wong tuwa ugi,
   anemu duraka,
   ing dunya tumekeng ngakir,
   tan wurung kasurang-surang.
6. Maratani ing anak putu ing wuri,
   den padha prayitna,
   aja na kang kumawani,
   mring bapa tanapi biyang.
7. Ana uga etung-etungane kaki,
   lilima sinembah,
   dununge sawiji-wiji,
   sembah lilima punika.
8. Ingkang dhingin rama ibu kaping kalih,
   marang maratuwa,
   lanang wadon kang kaping tri,
   ya marang sadulur tuwa.

9. Kaping pate ya marang guru sayekti,
sembah kaping lima, ya marang gustinireki,
parincine kawruhana.

10. Pramilane rama ibu den bakteni,
kinarya jalaran,
anane badan puniki,
wineruhkan padhang hawa.

11. Uripira pinter samubarang kardi,
saking ibu rama,
ing batin saking Hyang Widhi,
mulane wajib sinembah.

12. Pan kinarsakaken ing Hyang kang linuwih,
kinarya lantaran,
aneng ing dunya puniki,
weruh ing becik lan ala.

13. Saking ibu rama margane udani,
mila maratuwa,
lanang wadon den bekteni,
aweh rasa ingkang nyata.

14. Sajatine rasa kang mencarken wiji,
sembah kaping tiga,
mring sadulur tuwa ugi,
milane sadulur tuwa.

15. Pan sinembah gegentine bapa iki,
pan sirnaning bapa,
sadulur tuwa gumanti,
ingkang pantes sira nata.

16. Ing sawarah wuruke ingkang prayogi,
sembah kang kaping pat,
ya marang guru sayakti,
marmane guru sinembah.

17. Kang atuduh marang sampurnanning urip,

tumekeng antaka,
medhangken petenging ati,
ambenerken marga mulya.

18. Wong duraka ing guru abot pribadi,
pramila prayoga,
minta asih siyang ratri,
ywa nganti suda sihira.

19. Kaping lima dununge sembah puniki,
mring gusti kang murba,
ing pati kalawan urip,
miwah sandhang lawan pangan.

20. Wong neng dunya wajib manuta ing gusti,
lawan dipun awas,
sapratingkahe den kesthi,
aja dupeh wus awirja.

21. Nora beda putra santana wong cilik,
yen padha ngawula,
pan kabeh namaning abdi,
yen dosa ukume pada.

22. Yen rumasa putra santana sireki,
dadine tyasira,
angediraken sireki,
tan wurung anemu papa.

23. Ngungasaken yen putra santaneng aji,
iku kaki aja,
wong suwita nora keni,
kudu wruh ing kerjanira.

24. Yen tinuduh dening Sang Maha Narpati,
sabarang tuduhnya,
iku estakena ugi,
karyanira sungkemana.

25. Aja mengeng ing parentah Sang Siniwi,
den pethal aseba,

aja malincur ing kardi,
aja ngepluk asungkanan.

26. Luwih ala alane janma ngsurip,
wong ngepluk sungkanan,
tan patut ngawuleng aji,
angengera sapa-sapa.

27. Amiluwa ing bapa biyung pribadi,
kalamun sungkanan,
datan wurung den srengeni,
milawanana pinala.

28. Mapan kaya mangkono ngawuleng gusti,
kalamun leleda,
tan wurung manggih bilai,
ing wuri aja ngresula.

29. Pan kinarya dhewe bilainireki,
lamun tinemenan,
sabarang karsaning gusti,
lahir batin tan suminggah.

30. Mapan ratu tan duwe kadang myang siwi,
sanak prasanakan,
tanapi garwa kakasih,
amung bener agemira.

31. Kukum adil adat waton kang den esthi,
mulane ta padha,
den rumeksa marang gusti,
endi lire wong rumeksa.

32. Dipun gemi nastiti angati-ati,
gemi mring kagungan,
ing gusti ywa sira wani,
anggegampang lawan aja.

33. Wani-wani nuturken wadining gusti,
den bisa arawat,
ing wawadi Sang Siniwi,

nastiti barang parentah.

34. Ngati-ati ing rina miwah ing wengi,
ing rumeksanira,
lan nyadhang karsaning gusti,
duduk wuluhe atampa.

## F. Megatruh

1. Wong ngawula ing ratu luwih pakewuh,
nora kena minggrang-minggring,
kudu mantep sartanipun,
setya tuhu maring gusti,
dipun miturut sapakon.

2. Mapan ratu kinarya wakil Hyang Agung,
marentahken kukum adil,
pramila wajib den enut,
kang sapa tan manut ugi,
mring parentahe Sang Katong.

3. Aprasasat mbadal ing karsa Hyang Agung,
mulane babo wong urip,
saparsa ngawuleng ratu,
kudu eklas lahir batin,
aja nganti nemu ewoh.

4. Ing wurine yen ati durung tuwajuh,
anggur ta aja angabdi,
becik ngidhunga karuhun,
aja age-age ngabdi,
yen durung eklas ing batos.

5. Angur angindhunga bae nora ewuh,
lan nora ana kang ngiri,
mung mungkul pakaryanipun,
nora susah tungguk kemit,
seba mapan nora nganggo.

6. Mung yen ana tontonan nonton ing lurung,

glindhang-glindhang tanpa keris,
sarwi mbonda tanganipun,
kemul bebede sasisih,
andhodhok pinggiring bango.

7. Suprandene jroning tyas anglir tumenggung,
mangku bawat Senen Kemis,
mangkono iku liripun,
nora kaya wong angabdi,
wruh ing palataran katong.

8. Lan keringan sarta ana aranipun,
lan ana lungguhe ugi,
ing salunggu-lunggunipun,
nanging ta dipun pakeling,
mulane pinardi kang wong.

9. Samubarang ing karyanira Sang Ratu,
sayekti kudu nglakoni,
sapala kartine iku,
wong kang padha-padha ngabdi,
pagaweyane pan saos.

10. Kang nyantana bupati mantri panewu,
kaliwon paneket miji,
panalawe lan panajung,
tanapi para prajurit,
lan kang nambut karyeng katong.

11. Kabeh iku kuwajiban sebanipun,
ing dina kang amarengi,
ing wiyopsira Sang Prabu,
sanadyan yan miyos ugi,
pasebane aja towong.

12. Ingkang lumrah yen kerep seba wong iku,
nuli ganjaran den incih,
yen tan oleh nuli mutung,
iku sewu-sewu sisip,
yen wus mangerti ing kang wong.

13. Tan mangkono etunge kang sampun weruh,
mapan ta datan den pikir,
ganjaran pan wis karuhun,
amung naur sihing gusti,
winales ing lahir bates.

14. Setya tuhu saparentahe pan manut,
ywa lenggana karseng gusti,
wong ngawula pamanipun,
lir sarah munggeng jaladri,
darma lumaku sapakon.

15. Dene begja cilaka utama luhur,
asor iku pan wis pasti,
ana ing badanireku,
aja sok anguring-uring,
marang gusti Sang Akatong.

16. Mundak ngakenaken ing luputireku,
mring gusti tuwin Hyang Widi,
dene ta sabeneripun, mupusa
mupusa kalamun pasti,
ing badan tan kena menggok.

17. Tulisane ing lukil-makpul rumuhun,
papancen sawiji-wiji,
tan kena owah sarambut,
tulising badan puniki,
aja na mundhur pakewoh.

## G. Durmo

1. Dipun sami ambanting sariranira,
cegah dhahar lan guling,
darapon sudaha,
napsu kang ngambra-ambra,
rerema ing tyasireki,
dadi sabarang,
karsanira lestari.

2. Ing pangawruh lahir batin aja mamang,
yen sira wus udani,
ing sariranira,
yen ana kang amurba-misesa ing alam kabir,
dadi sabarang,
pakaryanira ugi.

3. Bener luput ala becik lawan begja,
cilaka mapan saking,
ing badan priyangga,
dudu saking wong liya,
pramila den ngati-ati,
sakeh drigama,
singgahana den eling.

4. Mapan ana sisiku telung prakara,
nanging gedhe pribadi,
pan iku lirira,
ingkang telung prakara,
aja sira nggunggung dhiri,
kalawan aja,
nacad kapati-pati.

5. Lawan aja mamaoni barang kerja,
thik-ethik mamaoni,
samu-barang pola,
tan kena wong kumlebat,
ing mangsa mengko puniki,
mapan wus lumrah,
padha wasis maoni.

6. Mung tindake dhewe nora winaonan,
ngrasa bener pribadi,
sanadyan benera,
yen tindake wong liya,
pesthine ingaran sisip,
iku kang lumrah,
nganggo bener pribadi.

7. Nora nana penggawe kang luwih gampang,
kaya wong mamaoni,
sira ling-elinga,
aja sugih waonan,
den samya raharjeng budi,
ingkang prayoga,
singa-singa kang lali.

8. Ingkang eling angelingena ya marang,
sanak kanca kang lali,
den nedya raharja,
mangkana tindakira,
yen datan keduga uwis,
teka menenga,
aja sok angrasani.

9. Nemu dosa anyela sapadha-padha,
dene wong ngalem ugi,
yen durung tetela,
ing beciking manungsa,
aja age nggunggung kaki,
menek tan nyata,
dadi cirinireki.

10. Dene ingkang kaprah ing mangsa samangkya,
yen ana den senengi,
ing pangalemira,
pan kongsi pandirangan,
matane kongsi mandelik,
nadyan alaha,
ginunggung becik ugi.

11. Aja ngalem aja mada lamun bisa,
yen uga jaman mangkin,
ija samu-barang,
yen nora sinenengan,
den pojok kapati-pati,

nora prasaja,
sabarang kang den pikir.

12. Ngandhut rukun becik ngarepan kewala,
ing wuri angrasani,
ingkang ora-ora,
kabeh kang rinasanan,
ala becik den rasani,
tan parah-parah,
wirangronge gumanti.

## H. Wirangrong

1. Den samya marsudeng budi,
wiweka dipun waspoas,
aja dumeh dumeh bisa muwus,
yen tan pantes ugi,
sanadyan mung sakecap,
yen tan pantes prenahira.

2. Kudu golek mangsa ugi,
panggonan lamun miraos,
lawan aja age sira muwus,
durunge den kesthi,
aja age kawedal,
yen durung pantes rowangnya.

3. Rowang sapocapan ugi,
kang pantes ngajak calathon,
aja sok metuwa wong calatu,
ana pantes ugi,
rinungu mring wong kathah,
ana satengah micara.

4. Tan pantes akeh ngawruhi,
mulane lamun miraos,
dipun ngarah-arah ywa kabanjur,
yen uwis kawijil,
tan kena tinututan,

mulane dipun prayitna.

5. Lan maninge wong aurip,
aja ngakehken supaos,
iku gawe reged badanipun,
nanging mangsa mangkin,
tan aetung prakara,
supata ginawe dinan.

6. Den padha gemi ing lathi,
aja ngakehken pipisoh,
cacah-cucah srengen ngabul-abul,
lamun andukani,
den dumeling dosanya,
mring abdi kang manggih duka.

7. Lawan padha den pakeling,
teguhena lahir batos,
aja ngalap randhaning sadulur,
sanak miwah abdi,
kanca rewang sapangan,
miwah maring pasanakan.

8. Gawe salah graitaning,
ing liyan kang sami anon,
nadyan lilaha lananganipun,
kang angrungu elik,
ing batin tan pitaya,
mangsa kuranga wanodya.

9. Tan wurung dipun cireni,
ing batin ingaran rusoh,
akeh jaga-jaga jroning kalbu,
arang ngandel batin,
ing tyase padha suda,
pengandele mring bandara.

10. Ana cacad agung malih,
anglangkungi saking sawon,

apan sakawan iku kehipun,
dhingin wong madati,
pindho wong ngabotohan,
kaping tiga wong durjana.

11. Kaping sakawane ugi,
wong ati sudagar awon,
mapan suka sugih watekipun,
ing rina lan wengi,
mung bathine den etang,
alumuh lamun kalonga.

12. Iya upamane ugi,
duwe dhuwit pitung bagor,
mapan nora marem ing tyasipun,
ilange sadhuwit,
gegeran patang warsa,
padha lan ilang saleksa.

13. Wong ati sudagar ugi,
sabarang prakara tamboh,
amung yen ana wong teka iku,
anggagawa ugi,
gagaden pan tumranggal,
ulate teka sumringah.

14. Dene wong durjana ugi,
nora ana kang den bates,
rina wengi amung kang den etung,
duweke lyan nenggih,
dahat datan prayoga,
kalamun watek durjana.

15. Dene bobotoh puniki,
sabarang pakarjan emoh,
lawan kathah linyok para padu,
yen pawitan enting,
tan wurung anggagampang,
ya marang darbeking sanak.

16. Nadyan wasiyating kaki,
nora wurung dipun edol,
lamun menang endang gawe angkuh,
pan kaya bupati,
weweh tan ngarah-arah,
punika awoning bangsat.

17. Kabutuh pisan mamaling,
tinitenan saya awon,
apan boten wonten Penedipun,
pramilane sami,
sadaya nyinggahana,
anggugulang ngabotohan.

18. Dene ta wong kang madati,
kesede kamoran lumoh,
amung ingkang dadi senegipun,
ngadhep diyan sarwi,
linggih ngamben jejegang,
sarwi leyangan bedudan.

19. Yen leren nyeret adhidhis,
netrane pan merem karo,
yen wus ndadi awake akuru,
cahya biru putih,
njalebut wedi toya,
lambe biru untu pethak.

20. Beteke satron lan gambir,
jambe suruh arang wawoh,
ambekane sarwi melar-mingkus,
watuke anggigil,
jalagra aneng dhadha,
tan wurung ngestob bolira.

21. Yen mati nganggo ndalinding,
suprandene nora kapok,
iku padha singgahana patut,
aja na nglakoni,

wong mangan apyun ala,
uripe dadi tontonan.

22. Iku kabeh nora becik,
aja na wani anganggo,
panggawe patang prakara iku,
den padha pakeling,
aja na wani nerak,
kang nerak tan manggih arja.

23. Lawan ana waler malih,
aja sok anggung kawuron,
nginum sajeng tanpa mangsa iku,
endi lire ugi,
angombe saben dina,
pan iku wateke ala.

24. Kalamun wong wuru ugi,
ilang prayitnaning batos,
nora ajeng barang pikiripun,
elinge ing ati,
pan baliyar-baliyar,
endi ta ing becikira.

25. Lan aja karem sireki,
ing wanodya ingkang awon,
lan aja mbuka wadi sireku,
ngarsaning pawestri,
tan wurung nuli corah,
pan wus lumrahing wanita.

26. Tan bisa simpen wawadi,
saking rupeke ing batos,
pan wus pinanci dening Hyang Agung,
nitahken pawestri,
apan iku kinarja,
ganjaran marang wong priya.

27. Kabeh den padha nastiti,

marang pitutur kang yektos,
aja dumeh tutur tanpa dhapur,
yen bakale becik,
den anggo weh mupangat,
kaya pucung lan kaluwak.

## I. Pucung

1. Kamulane kaluwak nom-nomanipun,
pan dadi satunggal,
pucung arane puniki,
yen wis tuwa kaluwake pisah-pisah.

2. Den budiya kapriye ing becikipun,
aja nganti pisah,
kumpula kaya enome,
enom kumpul tuwa kumpul kang prayoga.

3. Aja kaya kaluwak enome kumpul,
basa wis atuwa,
ting salebar dhewe-dhewe,
nora wurung bakal dadi bumbu pindhang.

4. Wong sadulur nadyan sanak dipun rukun,
aja nganti pisah,
ing samu-barang karsane,
padha rukun dinulu teka prayoga.

5. Abot entheng wong duwe sanak sadulur,
enthenge yen pisah,
pikire tan dadi siji,
abotipun lamun biyantu ing karsa.

6. Luwih abot wong duwe sanak sadulur,
jitus tandhingira,
yen golong sabarang pikir,
kacek ugalan wong kang tan duwe sanak.

7. Lamun bener lan pinter pamomongipun,
kang ginawe tuwa,
aja nganggo abot sisih,

dipun padha pamengkune mring santana.

8. Mapan ewuh wong tinitah dadi sepuh,
tan kena gumampang,
iya marang sadulure,
tuwa anom aja beda traping karya.

9. Kang seregep kalawan ingkang malincur,
padha den kawruhan,
sira alema kang becik,
kang malincur age sira bendonana.

10. Yen tan mari binandon nggone malincur,
age tintrapan,
sapantese lan dosane,
pan santana dimene dadi tuladha.

11. Lan wong liya darapon wediya iku,
kang padha ngawula,
ing batine wedi asih,
pan mangkono labuhan wong dadi tuwa.

12. Den ajembar den amot lan den amengku,
den pindha sagara,
tyase ngemot ala becik,
mapan ana papancene sowang-sowang.

13. Pan sadulur tuwa kang wajib pitutur,
marang kang taruna,
kang anom wajibe wedi,
serta manut wuruke sadulur tuwa.

14. Kang tinitah dadi anom aja masgul,
batin rumasaha,
yen wis titahing Hyang Widhi,
yen masgula ngowahi kodrating Suksma.

15. Nadyan bener yen wong anom dadi luput,
yen ta anganggowa,
ing pikirira pribadi,
pramilane wong anom aja agungan.

16. Yen dadi nom den weruh ing enomipun,
dene ingkang tuwa,
den kaya banyu ing beji,
den awening paningale aja samar.

17. Lawan maning ana ing pitutur ingsun,
yen sira amaca,
layang sabarang layange,
aja pijer katungkul ningali sastra.

18. Caritane ala becik dipun weruh,
nuli rasakena,
layang iku saunine,
den karasa kang becik sira anggowa.

19. Ingkang ala kawruhana alanipun,
dadine tyasira,
weruh ala lawan becik,
ingkang becik wiwitane sira wruha.

20. Wong kang laku mangkana wiwitanipun,
becik wekasannya,
wong laku mangkana wite,
ing satemah puniku pan dadi ala.

21. Ing sabarang prakara dipun kadulu,
wiwitan wekasan,
bener lan lupute kesthi,
ana becik wekasane dadi ala.

22. Dipun weruh iya ing kamulanipun,
kelawan wekasan,
puniku dipun kaliling,
ana ala dadi becik ing wekasan.

23. Ewuh temen babo wong urip puniku,
apan nora kena,
kinira-kira ing budi,
arang mantep wijiling basa raharja.

## J. Mijil

1. Poma kaki padha dipun eling,
   ing pitutur ingong,
   sira uga satriya arane,
   kudu anteng jatmika ing budi,
   ruruh sarwa wasis,
   samu - barangipun.
2. Lan den nedya prawira ing batin,
   nanging aja katon,
   sasabana yen durung mangsane,
   kekendelan aja wani mingkis,
   wiweka ing ati,
   den samar den semu.
3. Lan den sami mantep maring becik,
   lan ta wekas ingong,
   aja kurang iya panrimane,
   yen wus tinitah maring Hyang Widhi,
   ing badan puriiki,
   wus papancenipun.
4. Ana wong narima wus titahing - Hyang
   pandadi awon,
   lan ana wong tan nrima titahe,
   ing wekasan iku dadi becik,
   kawruhana ugi,
   aja salang surup.
5. Yen wong bodho kang tan nedya ugi,
   tatakon titiron,
   anarima ing titah bodhone,
   iku wong narima nora becik,
   dene ingkang becik,
   wong narima iku.
6. Kaya upamane wong angabdi,
   amagang Sang Katong,

lawas-lawas katekan sedyane,
dadi mantri utawa bupati,
miwah saliyane,
ing tyase panuju.

7. Nuli narima terus ing batin,
tan mengeng ing katong,
pan rumasa ing kanimatane,
sihing gusti tekeng anak rabi,
wong narima becik,
kang mangkono iku.

8. Nanging arang ing mangsa samangkin,
kang kaya mangkono,
kang wis kaprah iya salawase,
yen wis ana linggihe sathithik,
apan nuli lali,
ing wiwitanipun.

9. Pangrasane duweke pribadi,
sabarang kang kanggo,
nora eling ing mula-mulane,
awiting sugih sangkane mukti,
panrimaning ati,
kaya nggone nemu.

10. Tan rumasa murahing Hyang Widhi,
jalaran Sang Katong,
ing jaman mengko iya mulane,
arang turun wong lumakweng kardi,
tyase tan saririh,
kesusu ing angkuh.

11. Arang kang sedya amales ing sih,
ing gusti Sang Katong,
lawan kabeh iku ing batine,
tan anedya narima ing Widhi,
iku wong kang tan wrin,
ing nikmat ranipun.

12. Wong kang tan narima dadi becik,
titahing Hyang Manon,
iki uga iya ta rupane,
kaya wong kang angupaya ngelmi,
lan wong nedya ugi,
kepinteran iku.

13. Uwis pinter nanging iku maksih,
nggonira ngupados,
ing undhake ya kapinterane,
utawa unggahing kawruh yekti,
durung marem batin,
lamun durung tutug.

14. Ing pangawruh ingkang den senengi,
kang wus sem ing batos,
miwah ing kapinteran wus dene,
ing samu-barang pakarya uwis,
nura nganggo.lali,
kabeh wus kawengku.

15. Yen wong kang kurang narima ugi,
iku luwih awon,
barang gawe aja age-age,
anganggowa sabar lawan ririh,
dadi barang kardi,
resik tur rahayu.

16. Lan maninge babo den pakeling,
ing pitutur ingong,
sira uga padha ngempek-empek,
iya marang kang jumeneng aji,
ing lahir myang batin,
den ngrasa kawengku.

17. Kang jumeneng iku kang mbawani,
wus karsaning Manon,
wajib padha wedi lan bektine,
aja mampang parentahing aji,

nadyan anom ugi,
lamun dadi ratu.

18. Nora kena iya den waoni,
parentahing katong,
dhasar ratu bener parentahe,
kaya priye nggonira sumingkir,
yen tan anglakoni,
pasthi tan rahayu.

19. Nanging kaprah ing mangsa puniki,
anggepe angrengkoh,
tan rumasa lamun ngempek-empek,
ing batine datan nedya eling,
kamuktene iki,
ngendi sangkanipun.

20. Yen elinga jalarane mukti,
pesthine tan ngrengkoh,
saking batin durung ngrasakake,
ing pitutur ingkang dhingin-dhingin,
dhasar tan praduli,
wuruke wong sepuh.

21. Ing dadine barang tindak iki,
arang ingkang tanggon,
saking durung ana landhesane,
nganggo ing karsanira pribadi,
ngawag barang kardi,
dadi tanpa dhapur.

22. Mulane ta wekas ingsun iki,
den kerep tatakon,
aja isin ngatokken bodhone,
saking bodho witing pinter iki,
mung Nabi kakasih,
pinter tan winuruk.

23. Sabakdane pan tan ana ugi,
pintere tatakon,

mapan lumrahing wong urip kiye,
mulane wong anom den taberi,
angupaya ngelmi,
dadiya pikukuh.

24. Ing driyanira dadi tatali,
ing tyas dimen adoh,
sakehing ati kang ala kiye,
nadyan laliya pan nuli eling,
yen wong kang wus ngelmi,
kang banget tuwajuh.

25. Kacek uga lan kang tanpa ngelmi,
sabarange kaot,
dene ngelmu iku ingkang kangge,
sadinane gurokna karijin,
pan sarengat ugi,
parabot kang perlu.

26. Ngelmu sarengat puniku dadi,
wawadhah kang yektos,
kawruh tetelu kawengku kabeh,
pan sarengat kanggo lahir batin,
mulane den sami,
brantaha ing ngelmu.

## K. Asmaradana

1. Padha netepana ugi,
kabeh parentahing sarak,
terusna lahir batine,
salat limang waktu uga,
tan kena tininggala,
sapa tinggal dadi gabung,
yen masih dhemen neng praja.

2. Wiwitana badan iki,
iya teka ing sarengat,
ananging manungsa kiye,

rukun Islam kang kalima,
nora kena tininggal,
iku parabot linuhung,
mungguh wong urip neng dunya.

3. Kudu uga den lakoni,
rukun lilima punika,
mapan ta sakuwasane,
nanging aja tan linakyan,
sapa tan nglakonana,
tan wurung nemu bebendu,
padha sira estokena.

4. Parentahira Hyang Widhi,
kang dhawuh mring Nabiyullah,
ing dalil kadis enggone,
aja na ingkang sembrana,
rasakna den karasa,
dalil kadis rasanipun,
dadi padhanging tyasira.

5. Nora gampang wong surip,
yen tan weruh uripira,
uripe padha lan kebo,
angur kebo dagingira,
kalal yen pinangana,
pan manungsa dagingipun,
yen pinangan pasthi karam.

6. Poma-poma wekas mami,
anak putu aja lena,
aja katungkul uripe,
lan aja duwe kareman,
marang papaes dunya,
siyang dalu dipun emut,
yen urip manggih antaka.

7. Lawan aja angkuh bengis,
lengus lanas langar lancang,

calak ladak sumalonong,
aja ngedak aja ngepak,
lan aja siya-siya,
aja jail aja padu,
lan aja para wadulan.

8. Kang kanggo ing mangsa mangkin,
prayayi nom kang den gulang,
kaya kang wus muni kuwe,
lumaku temen kajena,
tan nganggo etung murwat,
lumaku kukudhung sarung,
anjaluk den dhodhokana.

9. Pan tanpa kusur sayekti,
satriya tan wruh ing tata,
ngunggulaken satriyane,
yen angarah dhidodhokan,
anganggowa jajaran,
yen niyat lunga anyamur,
aja ndhodhokken manungsa.

10. Iku poma dipun eling,
kaki mring pitutur ingwang,
kang wis muni mburi kuwe,
yen ana ingkang nganggowa,
cawangan wong mbelasar,
saking nora ngrungu tutur,
lebar tan dadi dandanan.

11. Barang gawe dipun eling,
nganggowa tepa sarira,
parentah lan sabenere,
aja ambeg kumawawa,
amrih den wedenana,
dene ta wong kang wis luhung,
nggone amengku mring bala.

12. Den prih wedi sarta asih,

pamengkune maring wadya,
wineruhena ing gawe,
den bisa aminta-minta,
karyaning wadyanira,
ing salungguh-lungguhipun,
ana karyane priyangga.

13. Sarta weruhna ing becik,
gantungana ing tatrapan,
darapon pethel karyane,
dimene aja sambrana,
anglakoni ing karya,
ywa dumeh asih sireku,
yen leleda tatrapana.

14. Nadyan sanak-sanak ugi,
yen leleda tinatrapan,
murwaten lawan sisipe,
darapon padha wediya,
ing wuri ywa leleda,
ing dana kramanireku,
aja pegat den watara.

15. Lan maninge suta mami,
mungguh anggep wong ngawula,
den suka sukur ing batos,
aja pegat ing panedha,
mring Hyang kang Amusesa,
ing raina wenginipun,
mulyaning nagara tata.

16. Iku uga den pakeling,
kalamun mulya kang praja,
mupangati mring wong akeh,
ing rina wengi ywa pegat,
nenedha mring Pangeran,
tulusing karaton prabu,
miwah arjaning nagara.

17. Iku wawales ing batin,
mungguh wong suwiteng nata,
ing lahir setya tuhune,
lawan cacadang sakarsa,
badan datan lenggana,
ing siyang dalu pan katur,
pati uriping kawula.

18. Gumantung karsaning gusti,
iku traping wadya setya,
nora kaya jaman mangke,
yen wis oleh kalungguhan,
trape kaya wong dagang,
ngetung tuna batinipun,
ing tyase datan rumasa.

19. Uwite dadi priyayi,
sapa kang gawe mring sira,
nora weruh wiwitane,
iya weruhe witira,
dadi saking ruruba,
mulane ing batinipun,
pangetunge lir wong dagang.

20. Pikire gelisa pulih,
rurubane duk ing dadya,
ing rina wengi ciptane,
kapriye lamun bisaha,
males sihing bandara,
linggihe lawan tinuku,
tan wurung angrusak desa.

21. Pamrihe gelisa bathi,
nadyan besuk den pocota,
duweke sok wisa puleh,
kapriye lamun tataha,
polahe salang tunjang,
padha kaya wong mbubruwun,

tan etung duga prayoga.

22. Poma padha den pakeling,
nganggowa sukur lan rila,
narima iang sapancene,
lan aja amrih sarama,
mring wadya nandang karya,
lan padha amriha iku,
arjaning kang desa-desa.

23. Wong ndesa pan aja nganti,
ewuh nggone nambut karya,
sasawah miwah tegale,
nggaru maluku tetepa,
aja den ulah-ulah,
dimana tulus nanandur,
pari kapas miwah jarak.

24. Yen desa akeh wongneki,
ingkang bathi pasthi sira,
wetuning pajeg undhake,
dipun rereh pamrihira,
aja nganti rekasa,
den wani kalah rumuhun,
beya kurang paringana.

25. Kapriye gemaha ugi,
sakehe kang desa-desa,
salin bekel pendhak Epon,
pametune jung sacacah,
bektine karo belah,
satemah desane suwung,
priyayi jaga pocotan.

26. Poma aja anglakoni,
kaya pikir kang mangkana,
tan wurung lingsem temahe,
den padha angestokena,
mring pitutur kang arja,

nora mana alanipun,
wong nglakoni kabecikan.

27. Nom-noman samengko iki,
yen den pitutur arja,
arang kang angrungokake,
den samur asesembranan,
emoh yen aniruwa,
malah males apitutur,
pangrasane uwis wignya.

28. Aja ta mangkono ugi,
yen ana wong cacarita,
rungokena saunine,
ingkang becik sira nggowa,
buwangen ingkang ala,
anggiten sajroning kalbu,
ywa nganggo budi nom-noman.

L. Sinom

1. Ambege kang wus utama,
tan ngendhak gunaning janmi,
amiguna ingaguna,
sasolane kudu bathi,
pintere den alingi,
bedhone dinekek ngayun,
pamrihe den inaha,
mring padha-padhaning janmi,
suka bungah den ina sapadha-phada.

2. Ingsun uga tan mangkana,
balilu kang sun alingi,
kabisan sun dekek ngarsa,
isin menek den arani,
balilu ing sujanmi,
nanging batiningsun cubluk,
parandene jroning tyas,

lumaku ingaran wasis,
